



Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

PANDAN SEMÈN KLIMA A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINALIZASYON NOUVO ESTANDA POU KOUPE IDWOFLIYOKABÒN, YON GAZ A EFÈ SÈ PWISAN YO ITILIZE NAN REFRIGERAN YO

Gouvènè la anse tou 3 milyon dola Defi Inovon HVAC Pwochè Jenerasyon an pou devlope ak ogmante refrijeran ki adapte ak anviwònman an san HFC yo

Nouvo règleman pou HFC yo demontre lidèchip soutni Eta a nan moman inaksyon federal la ak kreye modèl pou lòt eta yo swiv

Gwo etap pou diminye polyan chanjman klima a pandan y'ap devlope tou altènativ chofaj ak refwadisman efikasite enèji abòdab yo

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo deja finalize nouvo règleman pou redwi siyifikativman itilizasyon idwofliyokabòn (HFC) nan New York epi ede anpeche gaz ki chanje klima sa yo afekte anviwònman ak sante piblik eta a. HFC yo se yon gwoup gaz ki lakoz efè sè ki pwisan yo te jwenn nan yon gwoup pwodwi refrijeran ki nan kay ak refrijeran komèsyal tankou frijidè, èkondisyone ak pwodwi ayewosòl konsomatè yo. Règleman Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) yo te finalize jodi a pral adopte chanjman nan Nouvo Politik Altènativ Konsiderab (Significant New Alternatives Policy) lan ke Ajans Ameriken pou Pwoteksyon Anviwònmantal (U.S. Environmental Protection Agency, US EPA) Administrasyon Trump lan pa ka aplike.

"Kòm New York kontinye ap pran mezi pwogresis pou goumen kont chanjman klima a, nou gen lidè nan gouvènman federal la ki inyore syans pwouve, refize ke chanjman klima egziste menm epi yo trè kontan redouble efò yo pou pwoteje planèt nou an kont pwodwi chimik danjere yo nan chak opòtinite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk mezi sa yo k'ap mennen nan nasyon an, New York pral ede mennen manifaktirè yo adopte pwodwi pi bon epi ki pi pwòp, ak lanse solisyon enèji pwòp ki pa sèlman pwoteje sante ak resous natirèl presye nou yo, men tou ki devlope ekonomi nou an."

"New York ap dirije nasyon an nan efò nou yo pou redwi gaz efè sè epi asire sante ak sekirite", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pandan Semèn Klima a, nou ap kontinye franchi etap enpòtan pou konbat chanjman klimatik ak pwoteje anviwònman nou an. An menm tan an, inisyativ enèji pwòp nou yo ap bay opsyon enèji altènatif ki pi abòdab ak pi efikas pou biznis ak rezidan yo. Kòm nou rebati pi byen apre pandemi an,

nou angaje nan avanse objektif anbisye enèji nou yo pou rebati pi pwòp ak pi vèt tou pou jenerasyon k'ap vini yo ak pou avni planèt nou an".

Nouvo règleman Eta adopte yo konplete yon nouvo inisyativ 3 milyon dola - Defi Inovasyon HVAC Pwochèn Jenerasyon (Next Generation HVAC Innovation Challenge) Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la pou pote nouvo sistèm chofaj, vantilasyon ak èkondisyone pou batiman yo. Mezi jodi a yo sipòte tou aplikasyon anbisye Lidèchip Klima ak Lwa pou Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta a epi mete New York sou chemen pou redwi emisyon gaz efè sè a 40 pousan apati 2030 sou chemen netralite kabòn sou echèl ekonomi an. Anons sa a te fèt pandan rekonesans Eta a sou Semèn Klima 2020 an

Nouvo Règleman yo

Règleman yo entèdi vant, enstalasyon, ak itilizasyon komèsyal sèten refrijèran HFC nan ekipman refrijèrasyon alimantè nouvo oswa modènize, gwo ekipman èkondisyone (oswa refwadisman), ak machin lavant, ansanm ak entèdiksyon sibstans ki itilize kòm ajan propilsè ayewosòl ak ajan souflez mous nan nouvo pwodwi konsomatè yo. Entèdiksyon yo pral an plas nan kat ane k'ap vini yo epi yo espere diminye emisyon HFC yo pa plis pase 20 pousan nan nivo yo pwojete yo apati 2030, oswa yon total kimilatif ki evalue a 17 milyon tòn metrik emisyon ekivalan diyoksid kabòn.

Estanda HFC New York yo pral ede akonpli obyektif Akò Klimatik Paris an (Paris Climate Agreement), menm jan ak Amandman Kigali a nan Pwotokòl Montreal lan pou redwi itilizasyon HFC yo kòm yon ranplasan pou sibstans ki ap epwize ozòn yo. Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta te devlope règleman yo an kolaborasyon avèk eta patnè yo nan [Alyans Klimatik Ameriken](#) (U.S. Climate Alliance) an, k'ap asire ke mezi sa a gen pi gwo enpak posib. Apre ke gouvènman federal la te anonse entansyon li pou li retire kò li nan Akò Paris a ki te fèt sou chanjman klimatik la, New York te rejwenn Kalifornia ak Eta Washington pou yo fòme Alyans Klimatik Etazini a pou mentni objektif akò a yo. Alyans Etazini sou Klima a te agrandi pou l enkli 25 gouvènè k ap reprezante majorite pwodwi enteryè bri Etazini an.

New York rejwenn Kalifòni ak Kolorado nan finalize règleman yo ak anviwon yon douzèn lòt eta ki te adopte lwa yo oswa ki te anonse entansyon pou soutni pwogram EPA a ak egzijè rediksyon polyan danjere sa yo. Adrese HFC yo nan mache sibstansyèl sa yo pral ede kondwi endistri nan tranzisyon pou elwaye HFC yo nasyonalman ak globalman. An plis de sa, biznis ki baze Etazini yo ki pwodwi ranplasan pou HFC yo pral benefisye de lidèchip New York nan pran mezi sa a.

Yo ap depoze Avi fòmèl Adopsyon an nan Depatman Deta (Department of State, DOS) e li prevwa parèt nan Rejis Leta 14 oktòb 2020 an. Règleman an pra antre anvigè 30 jou apre yo fin depoze li.

Komisè DEC la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Basil Seggos te deklare, "Gouvènè Cuomo te mande DEC pou li aji sou idwofliyokabòn an 2018 paske li konprann echèk nan diminye efè alontèm polyan sa yo ki gen gwo entansite pal regrese pwogrè New York la pou redwi emisyon gaz efè sè ak koz chanjman klimatik yo. Adopsyon nòm sa yo demontre lidèchip kontinyèl New York nan kreye yon avni ki pi pwòp, ki pi dirab".

Defi Inovatif HVAC Pwochè Jenerasyon an

Kòm yon pati nan Defi Inovatif HVAC Pwochè Jenerasyon NYSERDA a, 3 milyon dola finansman ki disponib yo pral itilize pou ankouraje devlopman ak adopsyon nouvo refrijèran ki gen yon efè ki ka koze mwens domaj sou anviwònman an pase omwòm aktyèl yo. Defi a sipòte konpayi enèji pwòp ki vle devlope, komèsyalize, ak demontre nouvo teknoloji ki amelyore pèfòmans sistèm HVAC avanse yo ak kreye nouvo opòtinite ekonomikman solid pou efikasite enèji nan batiman yo. Yo pral ofri finansman sa a atravè yon pwosesis solisasyon konpetitif pou devlope siveyans refrijèran avanse ak solisyon deteksyon fwit, nouvo teknoloji konpresè, solisyon reparasyon fwit sou tèren, demonstrasyon ak evalyasyon teknoloji emèjan yo, kapti ak resiklaj refrijèran, kolaborasyon endistri sou fòmasyon, konsyantizasyon mache a ak kondisyon pwodwi yo ak devlopman refrijèran ki gen fèb chanjman klima.

Bilding yo reprezante 45 pousan emisyon gaz a efè de sè apati konbisyon gaz ak jenerasyon elektrik nan Vil New York. Fwit inevitab nan refrijèran yo itilize nan èkondisyon yo jodi a, ponp chofaj ak sistèm refrijèrasyon gen yon gwo potansyèl pou akselere chanjman klima pi lwen menm, nan kèk ka 1,000 a 2,000 fwa plis pase diyoksid kabòn. Kòm itilizasyon ponp chofaj ak refrijèrasyon ogmante, se konsa pral gen bezwen pou plis refrijèran ki aksesib ak anviwònman an. Pandan ke gen opsyon refrijèran ki pwodui chanjman klima ki fèb egziste, enflamabilite yo, toksisite oswa pèfòmans yo anpeche yo te lajman adopte yo, sa ki kite yon espas vid nan sèvis yo ak teknoloji yo pou bay altènativ sa yo yon anplè.

Defi Inovatif HVAC Pwochè Jenerasyon an fè pati apwòch New York pran pou l konstwi yon fondasyon solid pou pak imobilye ki net an kabòn ak aktivite efikasite enèjetik onivo tout ekonomi an nèt. Inisyativ sa a pral ede fè solisyon elektrifikasyon tankou ponp chofaj pi aksesib ak anviwònman an ak pri efikas, k'ap akselere adopsyon solisyon chofaj ak refwadisman gaz ki pa konbistib sa yo pou kominote yo toupatou nan Eta New York. Gras a ankourajman inovasyon pou pote solisyon efikasite enèjetik amelyore, New York pral redui degajman nan redui demann kouran ak konbistib nan batiman nan tout eta yon fason ekonomik. O total, gen 15 milyon ke yo mete disponib nan kat faz defi a pou ankouraje investisman prive ak avanse pwochè jenerasyon sistèm HVAC pou batiman yo. Atravè NYSERDA ak pwogram sèvis piblik yo, Eta New York ap investi plis pase 6.8 milya dola pou dekabonize biling yo nan Eta a.

Doreen Harris, Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Mank disponiblite toupatou pou refrijèran ki aksesib ak anviwònman an prezante yon lakin enpòtan ak enpak nan mache a ke yo dwe adrese nan mezi pou

genyen batay kont chanjman klima a. Defi Inovon HVAC Pwochè Jenerasyon an sou pwèn pou chanje mache a pandan n'ap chèche limite HFC yo nan anviwònman nou an, ak fason nou panse sou refwadisman ak chofaj batiman ki pral pèmèt nou fè pwogrè siyifikatif nan direksyon objektif klima anbisyè Gouvènè Cuomo a".

Aplikasyon pou Defi yo ap bout 17 novanm 2020 an ak prim yo prevwa nan premye trimès 2021 an. Pou plis enfòmasyon sou finansman sa a oswa pou wè si konpayi yo kalifye, tanpri vizite

https://portal.nyseda.ny.gov/CORE_Solicitation_Detail_Page?SolicitationId=a0rt0000006nDncAAE.

Plan klima k'ap mennen nan nasyon Eta New York la

Reduiksyon pwogresif itilizasyon HFC yo se yon eleman enpòtan nan pwogram klima nasyonal Gouvènè Cuomo a, ki se inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lidèchip Klima ak Lwa pou Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo-emisyon dis 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab dis 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan echèl ekonomi an. Li fonde sou akselerasyon san presedan enèji pwòp New York la ki gen ladan investisman 3.9 milya dola nan 67 pwojè enèji renouvlab ak gran echèl toupatou atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 pòs travay nan sektè enèji pwòp New York la, yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn bò 2035, ak 1,800 pousan kwasans nan sektè enèji solè ki distribye depi 2011. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York pral bati sou pwogrè sa a epi redui emisyon gaz efè de sè nan 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo ak avanse pwogrè nan direksyon sib efikasite enèji eta a nan 2025 pou diminye konsomasyon enèji sou sit pa 185 TBtus.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)